

BAB III

MÈTODE JEUNG TÈHNIK PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, seting panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, analisis data, téhnik ngumpulkeun data, sarta prosedur panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode panalungtikan tindakan kelas (*Classroom Action Research*).

Modél panalungtikan ieu mimiti diciptakeun ku Kurt Lewin. Panalungtikan tindakan kelas nya éta salah sahiji wangun panalungtikan anu dilaksanakeun di kelasna sorangan, sifatna réfléktif ku ngalakukeun tindakan-tindakan pikeun tujuan ngomean prakték-prakték prosés pangajaran sangkan hasil atawa mutu diajar bisa leuwih ngaronjat. Panalungtikan tindakan ieu bisa diasupkeun kana kelompok panalungtikan ékspérimén anu ngabogaan ciri husus anu ngabédakeun jeung panalungtikan séjénna nya éta lian ti dipandang salaku tindak lanjut panalungtikan déskripsi atawa ékspérimén ogé sifatna lain deui nguji/ngetés hiji “tindakan” tapi geus ngabogaan keyakinan bakal ampuhna “tindakan” éta. Métode tindakan kelas (*Classroom Action Research*) kaasup kana panalungtikan kualitatif sabab ngaguar informasi sacara écés.

Panalungtikan tindakan kelas (*Classroom Action Research*) mangrupa salah sahiji kagiatan panalungtikan anu fungsina numuwuhkeun kamampuh aprésiatif (mariksa prosés pangajaran/kaayaan kelas), ngaréfléksi diri jeung koréktif (ngoréksi salaku évaluasi pangajaran).

Nurutkeun Muslihuddin (2009), nu dimaksud panalungtikan tindakan kelas (PTK) nya éta hiji panalungtikan nu dilakukeun sacara sistematis réfléktif kana sababaraha tindakan nu dilakukeun ku guru sakaligus salaku panalungtik, ti mimiti disusun hiji rarancang nepi ka évaluasi/penilaian kana tindakan nyata di jero kelas nu mangrupa kagiatan diajar-ngajar, pikeun menerkeun kondisi pangajaran nu dilakukeun. Salian kitu, dilaksanakeunana PTK diantarana pikeun ningkatkeun kualitas pendidikan atawa pangajaran nu dilaksanakeun ku guru atawa pangajar, panalungtik éta sorangan, anu akibatna dipiharep bisa ngarengsekeun pasualan-pasualan nu aya di kelas.

Di handap ieu gambar alur panalungtikan tindakan kelas (PTK) nu dicutat tina modél PTK Kemmis jeung Mc Taggart dina Arikunto (2009:16).



Gambar 3.1
Modél Panalungtikan Tindakan Kelas Kemmis & Mc Taggart

Keterangan gambar:

Tahap 1: Ngararancang Tindakan (*Planning*)

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan nu rék dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyna nyieun instrumen panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarekam pakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan (*action*)

Tahap kadua nya éta pelaksanaan nu mangrupa implementasi modél timbal-balik (Reciprocal Teaching) dina maca pamahaman artikel. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun jeung naon anu geus dirumuskeun dina rarancang.

Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)

Tahap katilu nya éta kagiatan panalungtikan nu dilakukeun ku panalungtik. panalungtikan kudu nyoko kana instrumén. Nurutkeun Kusnandar (2008:98) aspék nu ditalungtik dina PTK nya éta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung kendala tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung kendala ngahambat atawa ngamudahkeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Tahap 4: Réfléksi (*Reflecting*)

Tahap ka opat mangrupa kagiatan pikeun ngungkapkeun deui naon-naon nu geus dilakukeun satuluyna ngarancang deui cara menerkeun (*perbaikan*) nu kudu dilakukeun.

Opat tahap nu dilakukeun dina panalungtikan nya éta unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji puteran sacara ngaruntuy nu balik deui ka léngkah mimiti. Hiji siklus ngawéngku tahap perencanaan, pengamatan, observasi jeung réfléksi.

3.2 Setting Panalungtikan

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilaksanakeun di SMP Negeri 3 Lembang, nu aya di Jl.Raya Lembang No.29. Kab.Bandung Barat.

3.2.2 Subjek Panalungtikan

Subjek ieu panalungtikan nya éta siswa SMP Negeri 3 Lembang kelas IX-D kalawan jumlah siswa 38 urang, nu ngawengku 21 siswa awéwé jeung 17 urang siswa lalaki.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan ieu dilakukeun kurang leuwih sabulan nya éta bulan Januari 2010, anu ngawengku saperti dina tabél di handap ieu

Tabél 3.1

Waktu Panalungtikan

No	Siklus	Tanggal
1	Pra-panalungtikan	18 Oktober 2010
2	Siklus I	11 Januari 2011
3	Siklus II	18 Januari 2011

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan dina ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah tafsiran, perlu ayana katerangan ngeunaan sababaraha istilah nu dipaké, di antarana baé:

a) **Kamampuh Maca**

Kamampuh maca nu dimaksud dina panalungtikan ieu nya éta kamampuh visual anu mangrupa kamampuh maca teks bacaan, sedengkeun nu dimaksud kamampuh kognitif siswa mangrupa kamampuh siswa dina nyangkem teks bacaan ku ngajawab sajumlah soal nu patali jeung teks bacaan dumasar jenjang kognitifna. Sedengkeun kamampuh kognitif nu diukur dina panalungtikan ieu dumasar kana ranah kognisi nurutkeun Harjasujana jeung Mulyati nya éta jenjang

ingatan (K1), terjemahan (K2), intèrpretasi (K3), aplikasi (K4), analisis (K5), sintesis (K6), jeung evaluatif (K7).

Sacara operasional kamampuh maca ditunjukkeun ku cara ngajawab patalékan-patalékan pamahaman kana bacaan.

b) Modél Pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*

Reciprocal Teaching (Timbal-Balik) nya éta hiji kagiatan pangajaran nu lumangsung salaku hiji dialog antara guru jeung siswana ngeunaan bagaén-bagéan hiji teks. Dina kagiatan ieu, guru jeung siswa silih gilir ngabogaan peran salaku saurang guru nu mingpin dialog. Téhnik ieu dirarancang jeung digunakeun pikeun ningkatkeun kamampuh maca pamahaman.

Ku silih *interaksi*, dipiharep unggal siswa mampuh ngawangun atawa nyangkem ma'na teks. Unggal siswa ngagunakeun pangaweruh jeung pangalaman nu geus dipiboga ku maranéhna, ngahubungkeun informasi nu aya dina jero bacaan atawa teks tuluy ngusahakeun nyangkem bacaan éta.

Modél *Reciprocal Teaching* ieu nya éta modél pangajaran nu ngutamakeun kaaktifan siswa, guru ngabogaan peran salaku *fasilitator* atawa *reflektor* nu méré “*Pemodélan*” prosés *Reciprocal Teaching* ka unggal siswa. Tapi satuluyna, guru nunjuk saurang siswa tuluy silih gilir jeung siswa séjénna pikeun ngalakukeun peran salaku guru (disebut guru siswa) pikeun neruskeun prosés pangajaran dumasar tahap-tahap *Reciprocal Teaching* saperti nu geus dicontokeun ku guru.

Dina awal prosés pangajaran ku ngagunakeun modél *Reciprocal Teaching*, reaksi guru dina unggal tahap pangajaran kacida pentingna, nepi ka guru kudu

méré heula conto “*pemodelan*”. Satuluyna, nalika siswa ngabogaan peran salaku guru, guru sabenerna ngabogaan peran salaku fasilitator jeung mantuan siswa sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun tahap-tahap pangajaran. Tahap-tahap *Reciprocal Teaching* nya éta: ngaramalkeun (*predicting*), tanya jawab (*questioning*), ngajelaskeun (*clarifying*), jeung ngarangkum (*summarizing*).

3.4 Instrumén Panalungtikan

Salah sahiji kagiatan ngararancang panalungtikan nya éta nyusun instrumén panalungtikan salaku alat dina ngumpulkeun data. Arikunto (2006:149) nyebutkeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan pagaweanana leuwih babari jeung hasilna leuwih alus, dina harti taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka bakal leuwih babari dina ngolah data.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés, lembar observasi, jeung lembar catetan lapangan.

3.4.1 Lembar Tés

Arikunto (2006:150) ngajelaskeun, tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat séjén nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok.

Saluyu jeung tujuan dina panalungtikan ieu nya éta hayang mikanyaho hasil ngaronjatna diajar maca pamahaman siswa. Ku kituna instrumén nu digunakeun dina panalungtikan nya éta tés. Wangun tés nu digunakeun dina

panalungtikan ieu, nya éta tés pamahaman bacaan (disingget TPB). Instrumén tés dina ieu panalungtikan ogé dumasar kana téori Bloom (dina Harjasujana jeung Mulyati, 1997:82) yén kamampuh maca mangrupa kamampuh kognisi. Ngukur kamampuh maca nu patalina jeung ranah kognisi éta bisa dilakukeun ku cara tés.

Instrumén TPB ieu digunakeun pikeun ngukur hasil diajar kamampuh maca pamahaman artikel siswa kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang. Tés pamahaman bacaan ngawengku wacana artikel jeung soal patalékan pilihan ganda nu jumlah pilihan jawabana opat siki (*option*).

Instrumén nu digunakeun ngawengku aspék nu hayang diukur ngeunaan kamampuh maca pamahaman siswa. Riggs jeung Lay tina Stanford (dina Damaianti, 2001:76) ngagolongkeun sababaraha patalékan dina tingkat *keterpahaman*, tingkat *keterpercayaan*, wangun, jeung pituduh. Husus pikeun nangtukeun tingkat pamahaman bacaan aya sababaraha kriteria nu bisa dipaké salaku acuan dina nyieun patalékan. Patalékan-patalékan ieu mangrupa fakta-fakta nu spesifik, ide poko, sabab-akibat, kosakata jeung tata kalimah.

Patalékan-patalékan dina instrumén TPB panalungtikan ieu ngacu kana tingkat heséna kognitif. Ranah kognisi dina Taksonomi Bloom nu dimekarkeun deui ku Harjasujana jeung Mulyati mangrupa alternatif nu hadé pikeun jadi dadasar nyieun tés pamahaman bacaan dina panalungtikan ieu. Patalékan dina instrumén ieu mangrupa patalékan ingetan (K1), *ingetan*, (K2), terjemaahan (K3), intépretasi, (K4) aplikasi, jeung (K5) analisis, sedengkeun pikeun jenjang *sintesis* (K6) jeung *evaluatif* (K7) henteu digunakeun dina TPB dina ieu panalungtikan.

Salian ti ngabogaan tingkat pamahaman nu luhur teuing jeung hesé pikeun subjek panalungtikan nu masih kelas IX SMP, teu bisa digunakeunana kadua jenjang éta ngabogaan alesan séjén. Patalékan nu sipatna sintesis méré kasempetan ka nu maca sangkan mikir sacara bebas *terkontrol* jeung ngamungkinkeun unggal jalma méré jawaban nu teu sarua saluyu jeung kognitif tingkat sintesis sewang-sewangan. Ku kituna, jenjang sintesis leuwih luyu dipidangkeun dina wangun soal ésey ti batan wangun pilihan ganda. Ku kituna, jenjang sintesis teu digunakeun dina instrumén panalungtikan ieu, sabab instrumén nu digunakeun dina wangun soal pilihan ganda.

Kitu ogé jenjang évaluatif (K7) henteu digunakeun dina instrumén panalungtikan ieu sabab pikeun ngajawab patalékan évaluatif, salian ti ngabutuhkeun pangaweruh jeung wawasan séjén nu leuwih lega. Dina tingkat ieu, gawéna kognisi nu ditungtut ti pamaca leuwih luhur deui. Wangun tés nu leuwih luyu pikeun ngukur tingkat évaluatif nya éta ésey, sabab wangun tés ngajadikeun siswa pikeun mikir jeung nalar sacara aktif-kréatif.

Leuwih jelasna, instrumén TPB dina panalungtikan ieu nyoko kana kisi-kisi tés di handap ieu:

Tabel 3.2

Kisi-Kisi Tés Pamahaman Bacaan

No.TPB	Jenjang Heséna Kognitif jeung Nomer					Jumlah Soal
	Patalékan					
	K1	K2	K3	K4	K5	
TPB Siklus I	2,7	5,6	8,10	9	1,3,4	10
TPB Siklus II	2,7	5,6	8,10	9	1,3,4	10
JUMLAH						20

Katerangan:

TPB : tés pamahaman bacaan

K1 : patalékan ingetan

K2 : patalékan terjemaahan

K3 : patalékan intépretasi

K4 : patalékan aplikasi

K5 : patalékan analisis

Sakumaha katempo dina tabel di luhur, jumlah soal dina masing-masing TPB nya éta sapuluh. Jadi jumlah soal nu diujikeun nya éta 20 soal. Nangtukeun jumlah instrumén ieu dumasar kana kabutuhan pikeun leuwih méré kasempetan ka siswa ningkatkeun kamampuh kognisina, utamana kamampuh analisis. Ku sabab kitu, jumlah soal kamampuh analisis (K5) jumlahna leuwih loba dibandingkeun soal séjénna.

3.4.2 Lembar Observasi Aktivitas Guru

Lembar observasi guru mangrupa alat pengamatan anu digunakeun pikeun nempo aktifitas guru salila pangajaran lumangsung. Lembar observasi ieu dieusi ku observer sanggeus nempo aktifitas guru salila pangajaran lumangsung.

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS GURU

Wasta Obsérver :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompeténsi : *9.3 Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, bahasan, puisi, dan naskah drama.*

Kompeténsi Dasar : *9.3.1 Membaca artikel*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	Kegiatan awal a) Ngondisikeun siswa. b) Ngadata kahadiran siswa. c) Ngayakeun apersépsi ngeunaan matéri anu baris dijaskeun. d) Ngamotivasi siswa sangkan sumanget diajar.			

	<p>e) Nepikeun tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila pangajaran.</p>			
2.	<p>Kegiatan inti</p> <p>a) Nepikeun matéri ngeunaan artikel.</p> <p>b) Ngajelaskeun tahap-tahap pangajaran maca pamahaman artikel ku ngagunakeun modél pangajaran <i>Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)</i> nu ngawengku: ngaramalkeun, nyieun patalékan/jawaban, ngajelaskeun, jeung ngarangcum.</p> <p>c) Guru nyebutkeun hiji judul bacaan nu eusina kudu diramalkeun ku siswa.</p> <p>d) Guru ngaping sangkan siswa bisa ngaramalkeun judul bacaan kalawan bener.</p> <p>e) Guru jeung siswa ngalakukeun tanya-jawab ngeunaan prédiksi eusi bacaan (tahap kahiji).</p> <p>f) Ngondisikeun sangkan kagiatan tanya-jawab lumangsung kalawan bener.</p> <p>g) Guru ngabagikeun hiji judul artikel anu kudu dibaca taliti ku siswa.</p> <p>h) Guru jeung siswa ngabahas prédiksi /ramalan siswa ngeunaan eusi bacaan.</p> <p>i) Ngarahkeun siswa anu kabagéan jadi guru</p>			

	<p>siswa sangkan ngalaksanakeun pancéna kalawan bener.</p> <p>j) Guru nunjuk siswa ka hareupeun kelas pikeun jadi saurang guru (siswa nu ka hareup disebutna guru siswa).</p> <p>k) Guru siswa (kahiji) jeung siswa séjénna silih méré hiji patalékan jeung nyadiakeun jawabana anu saluyu jeung eusi bacaan (tahap kadua).</p> <p>l) Guru siswa (kahiji) nitah siswa séjén pikeun jadi guru siswa (kadua) pikeun neruskeun prosés pangajaran, tahap katilu nya éta ngajelaskeun.</p> <p>m) Guru siswa (kadua) jeung siswa séjén silih ngajelaskeun kecap-kecap atawa kalimah-kalimah nu dianggap hesé.</p> <p>n) Guru siswa (kadua) ngalihkeun pancénna ka guru siswa (katilu) pikeun neruskeun prosés pangajaran dina tahap ahir nya éta ngarangkum.</p> <p>o) Guru siswa (katilu) jeung siswa séjén ngarangkum informasi-informasi penting tina bacaan.</p>			
3.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a) Negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun.</p> <p>b) Menerkeun kasalahan anu kungsi</p>			

	dilakukeun kalawan sifatna henteu nyalahkeun, tapi nyadarkeun siswa tina kasalahanana.			
	c) Guru méré tés ahir (postéé),siswa ngalaksanakeun kalawan saregep.			
	d) Mungkas kagiatan pangajaran.			
	Jumlah			
	Persentase			

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catetan obsérver:

.....

.....

.....

Bandung, ... Januari 2011

Obsérver, _____ NIP/NIM.	Panalungtik, <u>Leny Lestari</u> NIM. 0703798
---	---

3.4.3 Lembar Observasi Aktivitas Siswa

Lembar observasi siswa mangrupa alat keur nitenan nu digunakeun pikeun nempo aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung. Lembar observasi ieu dieusi ku observer sanggeus nitenan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

LEMBAR OBSERVASI AKTIVITAS SISWA

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi : 9.3 *Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa artikel, bahasan, puisi, dan naskah drama.*

Kompeténsi Dasar : 9.3.1 *Membaca artikel.*

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Koméntar
1.	Kegiatan awal a) Nurut nalika dikondisikeun. b) Ngaréspon data kahadiran siswa. c) Ngarti kana apersépsi matéri anu baris dijelaskeun. d) Kamotivasian pikeun sumanget diajar. e) Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah			

	<p>pangajaran anu kudu dihontal salila pembelajaran.</p>			
2.	<p>Kegiatan inti</p> <p>a) Ngabandingan matéri ngeunaan maca artikel.</p> <p>b) Diaping nalika ngalaksanakeun tahap-tahap pangajaran maca artikel ngagunakeun model pangajaran timbal-balik (<i>Reciprocal Teaching</i>) anu ngawengku ngaramalkeun, nyieun patalékan/jawaban, ngajelaskeun, jeung ngarangkum.</p> <p>c) Nalika kabagéan jadi guru siswa ka hareup, siswa nu di tunjuk dipiharep bisa ngalaksanakeun pancénna kalawan bener.</p> <p>d) Bisa ngaramalkeun judul bacaan, nyieun patalékan/jawaban anu patali jeung eusi bacaan, ngajelaskeun kecap-kecap atawa kalimah-kalimah anu hesé dicangkem dina bacaan, ngarangkum ngagunakeun basa sorangan saluyu jeung pamahaman siswa kana wacana artikel anu geus di baca.</p>			
3.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a) Merhatikeun kana <i>penegasan</i> deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun.</p> <p>b) Ngalaksanakeun tés kalawan saregep.</p> <p>c) Ngabandingan kagiatan pangajaran</p>			

	satuluyna, kaasup méré tugas.			
	d) Mungkas kagiatan pangajaran.			
Jumlah				
Persentase				

Keterangan: Béré tanda *chek list* (√) dina kolom **ya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **tidak** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catatan obsérver:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Bandung, ... Januari 2011

Obsérver,	Panalungtik ,
_____	<u>Lenv Lestari</u>
NIP/NIM	NIM. 0703798

3.4.4 Catetan Lapangan

Catetan lapangan mangrupa catetan poéan panalungtik anu eusina mangrupa hasil observasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran.

Tabel 3.3
Lembar Catetan Lapangan

Siklus-ka :
Wasta Observer :
Ping :
Waktu :

Catetan Lapangan	Réfléksi

Bandung,.....Januari 2011

Observer,

NIP/NIM.....

3.5 Analisis Data

Léngkah-Léngkah nganalisis data nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta cara méré skor tés pamahaman bacaan (TPB) siklus I jeung II saluyu jeung aspék kognisi nu diukur jeung ngébréhkeun konversi peunteun dina ieu panalungtikan.

a) Cara méré skor tés pamahaman bacaan (TPB)

Cara méré skor tés pamahaman bacaan (TPB) dumasar kana jawaban nu bener. Lamun jawaban bener dibéré nilai (10) dina unggal dilaksanakeun tés pamahaman bacaan (TPB) siklus I jeung siklus II, lamun salah dibéré nilai nol (0).

b) Konversi Peunteun

Kriteria ketuntasan minimal (KKM) pelajaran basa Sunda di SMP Negeri 3 Lembang nya éta 65. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun ≥ 65 , sedengkeun nu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti 65 (< 65). Sangkan leuwih jéntré bisa diténan tabel 3.4 ieu di handap.

Tabel 3.4

Konvérsi Peunteun

Peunteun	Keterangan
≥ 65	Tuntas
< 65	Can tuntas

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nya éta cara pikeun meunang data tina kagiatan panalungtikan (Arikunto, 2006:149). Ngumpulkeun data dina panalungtikan ieu dilakukeun pikeun bahan réfléksi pelaksanaan tindakan. Data dina panalungtikan ieu nya éta kualitatif jeung kuantitatif. Data kuantitatif dikumpulkeun nalika tés ahir, sedengkeun data kualitatif dikumpulkeun ngaliwatan observasi aktivitas siswa jeung guru.

Data nu baris dihontal nya éta data skenario pangajaran nu dijieun ku guru, catetan lapangan, data gambaran aktivitas siswa, data gambaran aktivitas guru, jeung data tingkat hasil diajar siswa dumasar lembar tés. Panalungtikan ieu ngagunakeun dua sumber data, nya éta sumber data manusa jeung sumber data dokumentasi. Sumber data manusa nya éta siswa salaku data utama pikeun ningali data hasil diajar maca pamahaman artikel jeung gambaran aktivitas siswa dina pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*. Sumber data dokumentasi ngawengku silabus, rencana prak-prakan pangajaran, catetan lapangan, lembar observasi aktivitas siswa, lembar observasi aktivitas guru, jeung lembar jawaban siswa.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan ngawengku 2 siklus, dina unggal siklus ngawengku tahap: ngararancang, prak-prakan, observasi, jeung réfléksi.

3.7.1 Tahap Ngararancang

Tina hasil studi pendahuluan, kapanggih pasualan-pasualan nu dialaman ku siswa dina maca pamahaman artikel nya éta hesé dina nangtukeun topik jeung ide poko dina teks artikel. Dumasar kana hal éta, panalungtik ngalakukeun tahap rarancang panalungtikan. Dina tahap ieu, panalungtik netepkeun jeung nyusun rancangan program tindakan pikeun menerkeun pangajaran maca pamahaman artikel ku modél *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*. Hal ieu difokuskeun kana pasualan pangajaran pikeun ningkatkeun kamampuh maca pamahaman artikel.

Tahap ngararancang ieu ngawengku:

- 1) Netepkeun jumlah siklus, nya éta dua siklus.
- 2) Netepkeun sumber data panalungtikan nu baris digunakeun salaku kelas panalungtikan, nya éta kelas IX-D SMP Negeri 3 Lembang.
- 3) Netepkeun métode nu baris digunakeun dina pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)*.
- 4) Panalungtik nganalisis Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 5) Nyusun RPP, ngawengku: indikator, tujuan pangajaran, skenario pangajaran, alokasi waktu, jeung tés ahir.

- 6) Nyusun lembar observasi pikeun masing-masing siklus, nu ngawengku: lembar aktivitas guru jeung lembar aktivitas siswa, catatan lapangan siswa jeung guru.
- 7) Nyiapkeun bahan ajar/matéri pangajaran jeung lembar kerja siswa (nyieun soal), pikeun masing-masing siklus. Siklus ka-1 dina pangajaran *Timbal-Balik (Reciprocal Teaching)* ngagunakeun wacana artikel anu judulna “Play Station” sedengkeun dina siklus ka-2 ngagunakeun wacana artikel “Celempungan Seni Tradisional Kabupatén Purwakarta”.
- 8) Nyiapkeun media pangajaran.

3.7.2 Tahap Pelaksanaan

Dina ieu tahap ngawengku opat léngkah pangajaran nya éta: 1) kagiatan bubuka, 2) Kagiatan inti, 3) Tahap nguji hasil, 4) Kagiatan Panutup.

1) Kagiatan Bubuka

Dina ieu kagiatan guru ngalakukeun kagiatan saperti:

- a. Ngabsen siswa, ngondisikeun kelas jeung ngayakeun apersépsi.
- b. Ngayakeun tés awal (pretes) pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa.
- c. Méré motivasi sangkan siswa sumanget jeung daria dina prosés diajar-ngajar.
- d. Ngajelaskeun indikator hasil diajar anu kudu dihontal ku siswa.

2) Kegiatan Inti

- a. Guru nerangkeun matéri ngeunaan wangenan artikel, jenis-jenis artikel, léngkah-léngkah maca artikel ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik* (*Reciprocal Teaching*).
- b. Guru ngajelaskeun tahap-tahap pangajaran maca pamahaman ku ngagunakeun modél pangajaran *Timbal-Balik* anu ngawengku: ngaramalkeun, nyieun patalékan/jawaban, ngajelaskeun jeung ngarangkum.
- c. Guru nyebutkeun judul hiji bacaan anu eusina kudu diramalkeun (*diprediksi*) ku siswa.
- d. Guru jeung siswa silih tanya-jawab ngeunaan prédiksi eusi bacaan (tahap kahiji).
- e. Guru ngabagikeun hiji bacaan pikeun siswa, siswa maca kalawan taliti.
- f. Guru jeung siswa ngabahas hasil prédiksi/ramalan siswa ngeunaan eusi bacaan.
- g. Guru nunjuk saurang siswa ka hareupeun kelas pikeun jadi saurang guru (siswa nu ka hareup disebutna guru siswa).
- h. Guru siswa (kahiji) jeung siswa séjénna silih méré hiji patalékan jeung nyadiakeun jawabana anu saluyu jeung eusi bacaan (tahap kadua).
- i. Guru siswa (kahiji) nitah siswa séjén pikeun jadi guru siswa (kadua) pikeun neruskeun prosés pangajaran, tahap katilu nya éta ngajelaskeun.
- j. Guru siswa (kadua) jeung siswa nu séjén silih ngajelaskeun kecap-kecap atawa kalimah-kalimah nu dianggap hesé.

- k. Guru siswa (kadua) ngalihkeun pancénna ka guru siswa (katilu) pikeun neruskeun prosés pangajaran dina tahap ahir nya éta ngarangkum.
- l. Guru siswa (katilu) jeung siswa séjénna ngarangkum informasi-informasi penting tina bacaan.
- m. Guru nyindekkeun hasil pangajaran.
- n. Guru méré tés ahir (postes), siswa ngalaksanakeun kalawan saregep.

3) Tahap Nguji Hasil

Sabada kagiatan réngsé diayakeun tés ahir. Tés ahir dilakukeun pikeun ningali kamampuh ahir siswa dina maca pamahaman artikel. Unggal siswa dibagi lembar tés jeung lembar jawaban. Lembar tés ieu ngawengku 10 soal pilihan ganda.

4) Kegiatan Panutup

Sabada tés réngsé, guru nyindekkeun matéri pangajaran anu tos dipedar tuluy méré informasi ngeunaan matéri nu baris dipedar dina pertemuan salajengna.

3.7.3 Tahap Observasi (*Pengamatan*)

Dina tahap ieu, *pengamat* (observer) ngaobservasi aktivitas siswa jeung guru ku téhnik observasi lapangan. Panalungtik niténan langsung situasi kelas saperti interaksi jeung aktivitas siswa di kelas salila prosés diajar lumangsung.

3.7.4 Tahap Réfléksi

Tahap réfléksi mangrupa tahap ahir tina hiji *daur* panalungtikan tindakan kelas (PTK). Dina tahap ieu, panalungtik atawa observer ngadiskusikeun hasil tindakan jeung sababaraha pasualan-pasualan nu aya di kelas. Didieu bakal kapanggih naon waé kahengkeran jeung bangbaluh dina panalungtikan. Tujuan dina réfléksi nya éta pikeun ngabebenah tindakan nu dilaksanakeun. Upama dina siklus ka-I hasil diajar maca artikel masih aya nu can tuntas, dilaksanakeun pangajaran siklus ka-II.